



*Rekonèt danje a*

# PA GEN PYÈS NIVO SEKIRIZE NAN EKSPOZISYON SEGONDÈ A TABAK

*Fimen segondè ka vwayaje atravè lojman ki gen plizyè inite ak espas komen atravè pòt, twou nan mi, liy elektrik, sistèm vantilasyon ak plonbri.*

Tout moun k ap viv oubyen travay nan lojman plizyè inite resevwa enpak negatif ki sot nan fimen segondè, espesyalman:

- timoun, ogmantasyon enfeksyon zòrèy ak asmatik
- animal domestik tankou zwazo ak pwason
- endividi aje
- moun andikape

Lafimen tabak segondè se yon faktè ris enpòtan pou pwoblèm sante soujasan ki lye ak COVID-19 grav, sa enkli maladi kè, fonksyònman poumon redwi, ak kriz maladi respiratwa.

## POUKISA LOJMAN SAN FIMEN?

Politik lojman san fimen gen anpil avantaj:

- kreye yon anviwònman ki pi sen tout rezidan
- economize kòb
- ogmande demann pou pwopriyete ki pa gen fimen



**Tobacco-Free**  
FOR A HEALTHY NEW JERSEY

[tobaccofreenj.com](http://tobaccofreenj.com)

[TobaccoFreeNJ@njpn.org](mailto:TobaccoFreeNJ@njpn.org)

732-367-0611

Finanse pa Ministè Sante NJ, Biwo Kontwol Tabak

# KONSILTE RESOUS SA YO POU EDE W VIV SAN FIMEN TABAK!



Yon pwojè nan tout eta a ki konsantre sou ogmante aksè rezidan New Jersey genyen a lè ki san tabak nan espas travay, lavi ak jwe. Se Ministè Lasante nan New Jersey, Biwo Kontwòl Tabak ki finanse pwojè a pou ofri efò sansibilizasyon rejonan.

## Liy Kite Fimen NJ njquitline.org

Yon pwogram konsèy gratis, konfidansyèl, nan plizyè lang. Yon konseye pou kite fimèn ap ede w kreye yon plan pou w kite sa, sa enkli fè fas a anvì, ak fason pou evite chite ak rekòmanse. Lè w rejwenn Liy Kite NJ (QuitLine) sa pral ba w aksè san limit a pòtay Kite Pou Lavi mwen an.

Patisipan yo pral resevwa yon twous kite, soutyen pa imel, aksè ak konvèsasyon a yon konseye kite, ak patch nikotin gratis pou 2 semèn.

**NEW JERSEY  
QUITLINE™  
1-866-NJ-STOPS**

## Koneksyon Manman Kite Pou Fanmimomsquit.com - 1-888-545-5191

Mom's Quit Connection for Families (MQCF) (Koneksyon kite pou manman) ofri konsèy gratis, endividyèl pou fanm, manman, papa ansent ak sa k fin akouche ak manm fanmi ki vle sispann fimèn pou pwoteje timoun 8 lane oubyen mwens kont ekspozisyon a danje lafimen tabak.



## Kite pou Timoun

Voye mesaj tèks: QUITFORKIDS bay 53016



Yon pwogram soutyen pou fanm ansent, paran ak swayan timoun ki soti depi nesans a laj 8 an. Pwogram lan ofri yon ansanm mesaj pèsonalize otomatik sou Sispann Fimèn ak Prevansyon Rechit, Enfòmasyon sou Fimèn ak Jesyon Deklanman ak Anvi, Sipò Jesyon Estrès ak Mòd Lavi Sen ak Abitid Manje Sen. Anplis, yon konvèsasyon andirèk ofri aksè a yon espesyalis tretman tabak.



Gras ak finansman nan men Ministè Sante nan New Jersey, Biwo Kontwòl Tabak, rezidan New Jersey kounye a gen aksè a 11 Sant Kite Fimèn ki ofri resous pou sispann oubyen redwi itilizasyon pwodwi tabak.